

## ***Refòm Spesyal nan Polis Boston: Rekòmandasyon a Majistra a***

---

### **Entwodiksyon**

“Kòm yon ofisyel lalwa devwa fondamantal mwen kòm yon ofisyel kap ranfòse lalwa se poum sèvi kominate a; pwoteje lavi ak pwopriyete; pwoteje inosan kont desepsyon, fèb yo kont opresyon oswa entimidasyon e la pè kony vyolans ou dezòd, e respekte dwa konstitisyonèl tout moun ak libète yo, egalite, e jistis.”<sup>1</sup>

Nan 12 Jen, 2020, Majistra Martin Walsh te siyen yon pwomès Mjistra a ki te piblye pa Fondasyon Obama a “My Brother’s Keeper Alliance.” Sa ki fè pati de pwomès sa a se pou-n kapab chanje angajman yo an aksyon. Majistra a konvoke Gwoup Refòm Polis nan Boston (Task Force)<sup>2</sup> yon gwoup ki konpoze de 11 manm dirijan ki nan kominate a, defansè, manm pwofesyonèl legal ak manm kap ranfòse lalwa. Nou te konvoke Gwoup moun sa yo lè pèp toupatou nan Vil Boston e Etazini ak monn la te pran la ri pou yo pwoteste kont mové kondwit lapolis---ki twò souvan gen konsekans mòtel pou moun ki gen koulè yo---yo mande chanjman nan enstitusyon an ak lwa enfrastikti lokal la.

Gwoup Travay sa a te chaje pou revize yon seri polisi ak pwosedi ke Depatman Lapolis Boston (“BPD”) genyen kouneya e prezante-l a Mjistra a ak rekòmandasyon publik la pou aksyon ak refòm. Majistra a bay a Gwoup travay la kat gran pwen pou yo revize. Polisi pou Sèvi ak Fòs; Fòmasyon Enplisit prejije, Pwogram pou mete Kamera sou yo, ak Konsèy Kominotè (« CO-OP »).

Yon fwa konvoke, Gwoup Travay la dakò ke rezon fondamantal rekòmandasyon yo an, te pou fè BPD reyalize ide ke yo pale pi wo a. Pou-n rive fè sa, Gwoup Travay la dakò sou yon seri gid de prensip—tankou, rekòmandasyon yo dwe ogmante ranfò, responsabilite, konfyans, transparans e yo ta dwe amelyore relasyon ant BPD ak kominate Boston an ke yap sèvi ak pwoteje.

Pou-n reyalize objektif sa yo, Gwoup Travay sa rekòmande ke Vil la ak BPD dakò a tip de refòm sa yo pi vit ke posib.<sup>3</sup>

1. Kreye yon Biwo Lapolis endepandan ki Responsab e Transparan (“OPAT”) avèk envestigasyon konplè ak pouvwa manda, tankou dwa pou rele temwen e mandé pou yo bay dokiman.
2. Fòmalize ak elaji angajman BPD a nan divèsite ak enklizyon nan kreyasyon de yon inite Divèsiye ak Enklizyon.
3. Elaji itilizasyon pwogram adopsyón BPD a pou mete kamera sou kò yo e kontinye entèdi sèvis byometrik ak rekonesans lojisyèl fasyal.

---

<sup>1</sup> Kòd Etik Ranfòsman Lalwa soti nan Asosyasyon Entènasyonal Chèf Lapolis la ("IACP")

<sup>2</sup> Ou ka jwenn yon glosè tèm abreje nan Apèndis 5.

<sup>3</sup> Gwoup Travay la te etabli tou yon delè aplikasyon. Gade Apèndis 4.

4. Amelyore Itilizasyon Fòs Règleman BPD ([Règleman 303](#), [Règleman 303A](#), [Règleman 303B](#), [Règleman 304](#)) pou yo pale klè e ranfòse konsekans Kòd disiplinè pou vyolasyon ak enfraksyon, rann BPD responsab piblikman lè yo vyole règleman sa yo.

5. Adopte pratik ki maksimize responsabilite, transparans ak aksè piblik dosye ak enfòmasyon BPD.

Pou nou ka aplike rekòmandasyon Gwoup Travay sa yo, Vil la ak BPD dwe angaje yo tou nan yon aksyon enstitisyonal ki elajî ak refòm ki depase rekòmandasyon espesifik ki rezime pi wo a e dekri anba a. Yo dwe:

1. **Wè rekòmandasyon sa yo kòm planche olye de plafon nan refòm lapolis la.** Gwoup Travay la gen apeprè swasant jou pou yo fè rechèch e angaje yo avèk rezidan nan Boston, defansè moun pwopose yon plan de rekòmandasyon de wo nivo bay Majistra a. Peryod tan sa pa asé pou ekri yon seri rekomadasyon wo nivo e detaye. BPD ak Vil la dwe kontinye travay avèk kominote Boston nan pou devlope lòt refòm adisyonèl.
2. **Engaje pou entènalize rekòmandasyon Gwoup Travay la.** Li pa ase pou Majistra a ka adopte rekòmandasyon Gwoup Travay espesyal la ke BPD promèt pou-l aplike. BPD e/oswa Vil la dwe evalye ak monitè pwogrè BPD yo e ranfòse konsekans si rezulta yo pa reyalize. Pou rezon sa a, Gwoup Travay la rekòmande ke Vil la ak Depatman Lapolis Boston kontinye angaje yo avèk rezidan yo pou devlope yon metrik responsablite, avèk yon seri de konsekans ki klè e avèk entansyon pou yo bay denye novèl yo a piblik la
3. **Analize nan yon fason kritik kapasite ak Ekspètiz BPD e detèmine ki kote responsabilite yo ka chanje.** Pou-n evite doub kopi, depans ki pa nesesè ogmante kantite moun kap travay nan biwo Vil la ak BPD dwe (1) evalye ekspètiz ak kapasite pou jere responsabilite yo genyen kouneya ki depase moun ki pou fè respekte lalwa; (2) analize egzistans ak kapasite potansyèl de ajans Vil yo pou ki kapab pran responsabilite sa yo pou ede piblik la pi byen ak bezwen li; e (3) devlope yon relasyon ak BPD e lòt ajans vil la pou akonpli objektif sa yo. Espesyalman vil la ta dwe idantifye, ranfòse, ak etann sèvis ki sèvi e sipòte BPD nan yon fason apwopriye nan transfòme responsabilite nan repons yo bay a ka ki travay moun ki gen sanzabri, itilizasyon dwòg, sante mantal, kriz oswa lòt frajilite sosyal.
4. **Devlope yon kilti ki bay priyorite ak divèsite, ekite, ak angajman kominote a.**  
**Develop a culture that prioritizes diversity, equity, and community engagement.** Rapò sa a genyen plisyè rekòmandasyon espesyal pou amelyore kilti BPD an ogmante divèsite BPD a. Espesyalman, nou rekòmande pou BPD ak Vil la revize kondisyon sèvis sivil ki gen rapò ak ofisyè BPD disiplinè, anbochaj ak règleman pwomosyon. Sepandan, nou rekonèt ke aplikasyon rekòmandasyon sa yo pou kont li pap ase. Poun vini ak yon chanjman kilti siyifikatif nan yon enstitisyon mande pou enstitisyon li menm rantre nan yon pwosesis delibere de refleksyon ak eksplorasyon sou pwòp tèt pa yo pou yo ka kòmanse pwosesis la nan chanjman. An konsekans, BPD a ak Vil la dwe angaje nan travay avèk rezidan yo ak moun ki gen enterè nan kominote a sipòte chanjman sa yo ki nesesè nan kilti a.

## 5. Pwomès pou aplike rekondasyon Gwoup Travay sa yo san yo pa ogmante bidjet BPD a.

Rekòmandasyon yo, gwoupe pa revizyon zòn nan, dekri an bon detay anba la<sup>4</sup>.

**Rekòmandasyon 1:** Kreye yon biwo endependan ki chaje avèk (i) revizyon epi, lè sa apwopriye, envestige envestigasyon afè entèn BPD yo, (ii) resevwa, revize, ak fè ankèt de sèten plent ki enplike BPD ak manm ladan yo, (iii) loje yon administratif / ekip operasyonèl ki responsab pou bay sipò operasyonèl. Biwo sa a pral genyen pouvwa manda. Di biwo sa yo dwe rele Biwo pou Règleman Responsablite Lapolis ak Transparans.

---

Konseye endependan sipèvizon Lapolis nan Vil Boston a te etabli an 2007 kòm Komite Ombudsman Sipèvizon Komite a ("CO-OP"). Objektif CO-OP la, yon gwoup endependan nan manm sivil yo, yo la pou ede asire ke envestigasyon lapolis yo jis ak pandan tou tan pou yo revize plent ki te fè kont Ekip Envestigasyon Entèn BPD a ak revize yon echantyon o aza yo seri de ka san yo pa ge yon plent ki asyosye avèk yo.

Kòm yo te dokimante nan rapò anvan sa a, sijè ki abòde lan ak otorite nan CO-OP la limite rann li difisil pou CO-OP la reyalize objektif fondamantal li yo- ki se rann BPD a responsab a piblik la. Konsa, se kwayans Gwoup Travay la ke fonksyon yo nan CO-OP la enpòtan epi yo ta dwe mentnu. Pou CO-OP la kapab efikas, sepandan, li dwe ranfòse.

Pou satisfè objektif sa a, Gwoup Travay la te deziye Biwo Règleman Responsablite ak Transparans ("OPAT"). Pa konsepsyon, OPAT genyen plis responsablite ak yon manda ki transparans ak pi gwo pouvwa pou mennen envestigasyon pase CO-OP la. Pi patikilyèman, OPAT gen pouvwa manda ak otorite pou envestigate.

*Rekomandasyon 1.01:* OPAT, jan yo fèt la, gen kat (4) eleman: (i) yon bra administratif ki te dirije pa yon Direktè Egzekitif ak anplwaye pwofesyonèl pou sipòte operasyon yo an jeneral nan OPAT ak emisyon an nan rapò piblik fè fas a ak divilge done ki gen rapò ak sèten aktivite BPD pou piblik la; (ii) yon panèl pwofesyonèl ki responsab pou revize ak mennen ankèt sou envestigasyon Ekip Envestigasyon Entèn BPD. Panèl ki reamenaje a se Komite Sipèvizon Zafè Entèn ("IAOP"); (iii) Yon komite ki gen ladan sivil (rezidan) ki chaje pou revize ak rekòmande aksyon sou sèten plent kont BPD a ak manm ki fè respekte lalwa, revize sèten BPD règleman ak lòt aksyon pou bay la pawòl piblik a BPD avèk ak Majistra a sou pwoblèm ki gen enpòtans pou kominote a, konsèye, avèk asistans de ekip administratif la, Majistra a ak BPD a sou règleman lapolis, mennen ankèt sou diferan tretman aktyèl ak istorik sou moun Nwa, endijèn, ak moun ki gen koulè ("BIPOC") ofisyen BPD a, ak rapò ki pibliye

---

<sup>4</sup> Pou plis enfòmasyon konsènan Rekòmandasyon 1 ak 2, gade anèks 1 ak 2 nan do rapò sa a.

sou pwogrè BPD a sou plizyè objektif refòm li yo. Nouvo Konsèy Komisyón sa a ki fèk kreye se Komite Revizyon Sivil la ("CRB") ; e (iv) twa (3) manm komisyónè pwofesyonèl ki responsab pou pouvwa manda nan biwo a. Manm yo ap Direktè Egzekitif, ak Prezidan IAOP a ak CRB. Yo pa dwe bay okenn manda san apwobasyon komisyónè a. Li enpòtan pou note ke OPAT pa ka ranplase jiridiksyon prensipal la de okenn lòt kò envestigasyon. Vil la ta dwe kreye yon nouvo biwo, OPAT, ki dwe gen anpil pouvwa pou envestige, sipèvize ak sipèvizon pouvwa. Atravè anplwaye li yo ak inite yo, OPAT dwe egzekite responsablite sa yo an akò avèk delè ki detaye nan Apendis 4 la.

Rekòmandasyon 1.01 (a): Revize envestigasyon konplete pa Depatman Zafè Entenn yo. Nan diskresyon li yo e san limit sou kantite envestigasyon lap revize, IAOP a dwe revize envestigasyon zafè entèn yo konplete pa Depatman Zafè Entèn pa BPD a ("IAD").

Rekòmandasyon 1.01 (b): Revize ak rezoud plent sivil kont BPD nan delè yo rekòmande pa Gwoup Travay la ki etabli nan Apendis 3. CRB a ta dwe fè mennen ankèt endependan ak envestigasyon apwopriye nan plent kont BPD e ak manm ki fè respekte lalwa nan Boston. Plent ki apwopriye pou revizyon gen ladan, men yo pa limite a sa sèlman, plent ki enplike: (1) moun ki mouri nan men leta oswa ki blese grav nan kò yo, (2) isaj twòp fòs ki kapab lakòz lanmò oswa blese grav nan kò, (3) akizasyon fo temwayaj kont yon Ofisyè BPD, oswa (4) akizasyon ke konduit yon ofisyè BPD te motive pa entansyon diskriminatwa. Nan okenn ka ankèt la oswa envestigasyon pa CRB a entèfere ak okenn envestigasyon kriminèl pa okenn otorite ki gen jiridiksyon.

Rekòmandasyon 1.01 (c): Revize e apwouve a tan sa ki te déjà eggiste ak règleman ke BPD pwopoze yo lè yo sèvi avèk zouti evalyasyon rasyal. Lè li apwopriye ki baze sou rezulta li yo, CRB ta dwe sijere revizyon ak / oswa modifikasyon nan règleman ki déjà eggiste oswa règleman ki te pwopoze sou diskriminasyon ki baze sou ras, etnisite, idantite seksyal, oryantasyon seksyal, jen, laj avanse, oswa orijin nasyonal nan Komisyone Lapolis la. Yo ta dwe mete piblikman disponib tout rekòmandasyon epi mete sou yon sit entènèt ki gere pa OPAT.

Rekòmandasyon 1.01 (d): Fè yon evalyasyon ekite sou anrolman aktyèl ak nan tan pase do BPD yo, anbochaj, pwomosyon, dosye disiplinè ak revokasyon. Pou derasine diferan tretman sa yo nan kandida BIPOC ak ofisyè yo, Inite administrasyon OPAT la ta dwe mennen anket sou akizasyon diferan tretman lè yap fè anrolman, anbochaj, pwomosyon, discipline ak revokasyon. An konsekans, CRB ta dwe endepandaman revize ka kote yo discipline oswa revoke yon BIPOC ofisyè, epi yo ta dwe evalye sipelean yo nan pwosesis egzamen sèvis sivil la. Lè sa a yo ta dwe voye rekòmandasyon CRB bay Komisyònè Lapolis la pou-l revize. Inite administratif la nan OPAT ta dwe tou pibliye piblikman, rapò semi-anyèl rapò sou rezulta li yo.

Rekòmandasyon 1.01 (e) : Revize e analize enfòmasyon tèren an, Ankèt, ak Obsevasyon ("FIO") e pibliye rezulta li yo sou yon baz semi-anyèl sou yon sit entènèt gere pa OPAT.

Rekòmandasyon 1.01 (f) : Fè yon evalyasyon kominate anyèl de Komisyònè Lapolis la epi bay Majistra rezulta yo. Se pa entansyon Gwooup Travay la pou enfòmasyon konfidansyèl divilge, men evalyasyon kominate a ta dwe konsidere kòm yon dosye piblik.

Rekòmandasyon 1.01(g) : Ede Majistra chwazi yon Komisyònè Lapolis. OPAT ta dwe evalye kandida potansyèl ak bay rekòmandasyon ki baze sou sa kominate a di.

Rekòmandasyon 1.01 (h) : Patisipe nan pwosesis seleksyon ak aplikasyon sibvansyon BPD yo.

Rekòmandasyon 1.02: Estrikti OPAT la ta dwe fasilité misyon li pou amelyore responsabilite ak transparans nan estrikti BPD.<sup>5</sup> OPAT estrikti dwe gen ladan yon dirijan ki fò pou oryante ak sipèvize travay li yo, de inite espesyalize e separe ki chaje pou revize envestigasyon zafe enten ak plent kont BPD oswa manm ki ranfòse lalwa nan BPD yo, respektivman, e ak yon anplwaye trè kalifye ap pefòme administrasyon OPAT la, ekzekitif, ak fonksyonman ankèt yo.

Rekòmandasyon 1.02 (a) Twa komisyònè yo ta dwe fòme ekip dirijan OPAT la. Komisyònè yo ap, Direktè Egzekitif de Inite Administrasyon an, Prezidan IAOP a, ak Prezidan Komite Revizyon Sivil la, Chèf nan twa inite OPAT yo.

---

<sup>5</sup> Gade Apèndis 1 pou tablo òganizasyonèl OPAT la .

Komisyonè yo dwe gen eksperyans egzije ak anpil konesans pou dirije OPAT. Se poutèt sa, chak Komisyonè ta dwe genyen kèk espetiz ki gen rapò nan refòm lapolis. Epi chak Komisyonè ta dwe you reprezantan de yon gwoup demografik ki kapab afekte itilizasyon de yon fòs eksesif ki pa apwoprye ak itilize twop FIOs.

Komisyonè yo dwe gen otorite pou-l bay manda. Anplis de sa, Komisyonè yo dwe konvoke omwen kat (4) reyinyon kominotè chak ane. A chak fwa reyinyon yo ta dwe fèt nan yon diferan katye nan Boston

*Rekòmandasyon 1.02 (b): OPAT ta dwe genyen yon Adminitratè Egzekitif (“Anplwaye OPAT”) responsab pou okipe de misyon li chak jou. Anplwaye OPAT yo ta dwe:*

*Rekòmandasyon 1.02 (b) (1) Resevwa e aji sou plent ke OPAT resevwa yo Anplwaye OPAT yo ta dwe rekòmande youn nan rezulta sa yo jwen yo: (1) Anile; (2) rekòmadasyon pou medyasyon; (3) andeyò entèval aplikasyon an; (4) referal a IAOP. (5) referal a CRB.*

Anplwaye OPAT yo ta dwe pefòme yon ankèt travay nesesè pou IAOP ak CRB pou rezoud zafè entenn ak pwoblem plent sivil yo youn aprè lòt. Sak fè pati responsablite sa se, anplwaye OPAT ta dwe ekri bouyon rapò ki rezime tout sa yo jwen nan ankèt yo e prezante rezulta yo jwen yo ak inite ki fè demann pou yo.

*Rekòmandasyon 1.02 (b) (2) : Administrasyon Egzekitif la ta dwe gen anplwaye ki ka ranpli plizyè tip de responsablite. Donk, Vil la ta dwe clasifye anplwaye OPAT yo kòm moun minisipal anplwaye a plen tan e bay OPAT resous pou anrole e chwazi aplikan ki trè kalifye ak dirijan. Pou pi piti, Administratè Egzekitif la dwe genyen yon direktè egzekitif, yon direktè depite, yon pwofesyonèl teknik ki trè kalifye, anketè endepandan, analis, pwofesyonèl pou fè respekte lalwa, stratejis komunikasyon, komite lyezon ak medyatè pwofesyonèl.*

*Rekòmandasyon 1.02 (b)(3) : Direktè Egzekitif la pral dirije Administrasyon Egzekitif la. Direktè Egzekitif a ta dwe yon manm nan baro Massachusetts la, men yo pa dwe pratike lalwa pandan yap fè manda yo. Epi tou Direktè Egzekitif ta dwe genyen eksperyans manadjè e rete nan Vil Boston pandan tout tan yap fè manda yo.*

*Rekòmandasyon 1.02 (c) : CO-OP la ta dwe rekonstwi. Nouvo antite a ta dwe konnen kòm « IAOP. » IAOP yo ta dwe gen dwa pou komplete revizyon ankèt zafè entenn yo nan tout diskresyon yo e san limitasyon ak kantite ankèt ke yo dwe revize.*

IAOP ta dwe gen senk manm. Majistra a dwe nome pwop manm pa li de gwoup aplikan ki rekòmande pa defansè dwa sivil yo, organizasyon jèn yo, asosyasyon katye ak asosyasyon lapolis.

Manm IAOP dwe gen twa manda e yo pa dwe fè plis ke de manda konsekitif. Manm yo ta dwe sèvi tèm sipèpoze konsa ka gen omwen de (2) manm ki gen omwen dizwit (18) mwa nan sèvis avèk IAOP pou ede asire kontinite. Manm yo ap resevwa yon rekompans.

Aprè envestigasyon ak revizyon ankèt zafè entenn yo, IAOP pral delibere e konkli youn nan rezulta sa yo. (1) Mwen dakò avèk desizyon Zafè Entèn yo; (2) Mwen pa dakò avèk desizyon Zafè Ent Zafè Entèn yo; or (3) refere ankò a Zafè Entèn pou plis ankèt avèk aksyon

Lè IAOP komite an pa dakò avèk desizyon original Zafè Entèn yo, IAOP pral refere dosye a Komisyonè Lapolis la pou plis aksyon.

*Rekòmandasyon 1.02 (d): Komite Revizyon Civil (“CRB”) dwe responsab pou revize plent yo kont BPD.* E li dwe sou tout diskresyon, ankete dosye ki gen rapò a misyon jeneral OPAT.

CRB ta dwe genyen pou pi piti sèt men pa plis ke onz (« Manm Konsèy »). Majistra a pral nome Manm komite avèk rekòmandasyon de Konsil Vil la ak kominote Boston yo. Prezidan Konsil Vil pral rekòmande de (2) nomine ke konseye Vil la ap chwazi pou yo konsidere. Majistra dwe nome nèf (9) manm de gwoup aplikan ki nomine pa defansè gwoup dwa sivil yo, organizasyon jèn yo, asosyasyon katye, nome pwòp tèt ou ak ansyen manm moun ki ranfòse lalwa. Manm Konsèy CRB yo pa kapab manm moun kap ranfòse lalwa.

CBR responsab pou-l rezoud plent ki pa nan limit IAOP yo. Avèk asistans anketè de Anplwaye administratif la, CBR pral delibere e vini avèk yon konklizyon sou plent a pwoblèm yo. CRB dwe chwazi youn nan rezulta sa yo : (1) Soutni ; (2) Pa Soutni ; (3) Egzonere; (4) Pa Justifye; (5) Demann Enfòmasyon (evidans an pa sifi pou fè yon konklizyon.

Si CRB soutni plent la, yap refere dosye a Komisyonè Lapolis la pou pran aksyon disiplinè e bay yon kopi a Komisyonè a. Desizyon CRB ta dwe final e yo dwe publiye rezulta yo nan rapò semi-anyèl OPAT.

*Rekòmandasyon 1.03 : Biwo OPAT la dwe lokalize nan kominote kote lap sèvi a.* Pou ankouraje angajman ak patisipasyon, biwo prensipal OPAT la dwe lokalize nan katye kote rezidan yo te afekte plis pa fòs eksesif FIOs. Biwo pa dwe fizikman lokalize nan lakominn nan ni nan

BPD a. Anplis de yon biwo fizik, OPAT dwe idantifye plizyè lòt lokal nan tout Vil Boston an kote yo kapab petèt fè plent, ikonpri aksè sou sit entènèt la. Dwe gen tout aksè de langaj pou ede ak aplikasyon plent yo.

*Rekòmandasyon 1.04: Tout pati ki enplike nan ankèt OPAT la genyen dwa pou yo konnen estati dosye a.* Daprè tout bagay sa yo, tout ankèt yo dwe swiv yon delè ki strik (gade Rekòmandasyon 5 la ak sa ki ajoute yo pou plis detay). Lè yo pa ka respekte delè yo, OPAT dwe enfòme tout pati ki konsène yo. Li dwe bay enfòmasyon'l nan delè'l genyen pou bay li a piblik la.

## **Rekòmandasyon 2:** Fòmalize e etann angajman BPD a nan divèsite ak enklizyon.

---

Pou Kreye yon fòs lapolis kap sèvi tout kominote a avèk respè, BPD a dwe pwomèt pou'l ogmante divèsite nan tout ran li yo e pwomote yon kilti inkisif ki jis san patipri nan mitan BPD a ak nan tout Boston.

*Rekòmandasyon 2.01 Kreye yon politik divèsite ak enklizyon fòmèl.* Kounyea, BPD pa gen ankenn politik divèsite ak enklizyon fòmèl. Li dwe deklare klèman angajman BPD yo pran pou anrole, anboche, retansyon ak avansman BIPOC ofisyé ki sèmante ak anplwaye sivil.

Gwooup Travay yo rekòmande pou règleman yo adrese espesyalman pwoblèm sa yo: divèsite ak enklizyon nan mitan Pwogram Kadet a Lapolis Akademi an; anboche e pwomote ekite, enkli fòs anplwaye sivil la; e divèsite ak enklizyon nan inite/distrik ki pi souvan gen enteraksyon avèk kominote BIPOC a, enkli B-2, B-3, C-11, Gang e Inite Dwog.<sup>6</sup>

*Rekòmandasyon 2.02:* Kreye yon Inite Divèsite e Enklizyon nan BPD. BPD dwe devlope yon Inite, divèsite e Enklizyon (“D&I”). Kounyea, BPD gen yon sèl ofisyé divèsite pou anboche ak administratè pou egzamen. Ofisyé sa genyen yon wol ki limité nan pwomosyon, kilti enstitisyonèl e dosye fòmasyon. Sa dwe chanje.

Nouvo Inite D&I dwe genyen yon Ofisyé Divèsite an Chèf e Ofisyé Divèsite Anrolman an ki rapòte direkteman a Komisyonè<sup>7</sup> Lapolis la. Inite D&I dwe avize tout dosye ki gen rapò a: (1) anrolman, (2) anbochman, (3) retansyon, (4) pwomosyon, (5) disiplin, (6) revokasyon ofisyé BIPOC, (7) kilti BPD, (8) fòmasyon sou antirasis e enplisit patipri, e (9) Rapò Ofisyé Minorite yo sou Diskriminasyon.

Inite D&I a dwe evalye kritè anrolman BPD a, nòm li, ak referans pou rasire ke yo prepare yo nan tout jan ki nesesè pou fè byen sa travay la mande pou yo fè.

---

<sup>6</sup> B-2, B-3, ak C-11 se Distri yo.

<sup>7</sup> Kounye a, Ofisyé Divèsite a ak Administratè Egzamen an localize li nan depatman Resous Imèn BPD a

Inite D&I a dwe analize liy pwogram ki deja egziste e kreye yon nouveau relasyon ki konekte BPD a Lekòl Piblik Boston (“BPS”) ak etidian nan kolèj kominotè lokal.

Pou rann BPD de angajman yo kosènan divèsite ak enklizyon, Inite D&I dwe fè yon revi anyèl sou pwogrè BPD. Revi anyèl la dwe analize anbochman ak pwomosyon, retansyon ak enfòmasyon sou revokasyon (tankou, enfòmasyon entenn) ak enfòmasyon ki gen rapò ak yon lapolis ekitab (tankou enfòmasyon ekstèn).

*Rekòmandasyon 2.03: Bay priyorite ak anrolman e anbochman BIPOC ki sèmante ok ofisyè civil pandan ke nap revize sistèm sèvis sivil la pou bay priyorite ak anbochman lokal.* Sa ki enpòtan ak efò sa se etabli yon preferans pou diplômé BPS yo. Kounyea, yo bay preferans a veteran ki fè sèvis militè ki nan lis éligibilité sèvis sivil pou yon pozisyon e yo gen de pwen ki ajoute nan nòt yo an jeneral pou egzamen pwomosyonèl yo. Gwoup Travay la rekòmande pou yo devlope yon preferans parèy pou BPS, METCO e/oswa yon lòt Boston Konpak entitisyon, ki fè moun ki kalifye yo vinn nan menm nivo ak veteran yo.

*Rekòmandasyon 2.04 : Bay priyorite pou avanse ak kenbe BIPOC ki sèmante yo ak ofisyè sivil yo.* Li pa sifi pou BPD pwomote divèsite pamí nouveau moun ke lap rekrite yo.

*Rekòmandasyon 2.04 (a) : Refòm pwotokòl pwomosyon pou li ka mwens depann sou egzamen ekri.yo.* Sipèvizon lapolis se yon travay ki konpleks, ki mande pou gen anpil konpetans ki pa ka touche, ki pa kapab evalye pa yon tès ofisyèl. Pou tèt sa, Vil la, avèk èd yon konsiltan pwofesyonèl, dwe revize règleman promosyon aktyèl li yo e revize yo pou yo evalye konpetans esansyèl yo mande pou sèjan, lietnan oswa kaptèn kapab fonksyone. Vil la dwe reoryante pwotokòl pwomosyon ak egzamen yo pou evalye konpetans.

An menm tan, BPS dwe aplike règleman pou elimine tès ki enjis. Règleman sa yo dwe enkli:

- Bay de pwen adisyonèl nan egzamen gradye BPS, METCO, oswa Boston Konpak gradye yo e/oswa rezidan nan Vil Boston an ki rete nan Vil la pa mwens ke senk an.
- Sispann sèvi ak politik patwonaj pou detèmine moun yo selekte pou pozisyon ke yo nome a.
- Ogmanter transparans egzamen pwomosyonèl la pandan ke yap bay nòt yo byen vit ke posib e bay kesyon ak repons yo tou swit aprè ke aplikan konplete egzamen yo.

Règleman sa yo pral ede evite pespsyon ke yo manipile rezulta egzamen yo e lap pèmèt kandida yo gen konfyans nan lejitimite nòt yo.

- Pou pèsonèl BPD a elimine aksè ak egzamen yo avan dat.
- Mete plis aksan sou sèvis dosye aplikan depatmantal yo pou detèmine pwomosyon yo.

*Rekòmandasyon 2.05:* Mete a jou règleman san patipri lapolis Boston an. Règleman aktyèl [san patipri](#) (Règleman 113A) BPD a li pa a nivo nan de fason prensipal. Premyèman, li pa byen eksprime angajman BPD pou pwoteje e sèvi nan yon fason san patipri. Dezyèmman, Kounyea li pa arrive defini yon règleman san patipri.

BPD dwe revise règleman ki deklare klèman angajman tout BPD yo (tankou tout ofisyé sou sèman ak amplwaye sivil yo) pou bay sèvis de kalite elve san patipri a chak kominote nan Boston. Pou arrive fè sa, règleman revize a dwe kominike pwosedi yo klè pou ankouraje transparans ak responsablite.

BPD dwe define “règleman san patipri” e rann klè ke li pa considere ras, etnisite, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, jèn, laj avanse, si moun lan gen yon lojman, si moun lan pran dwòg, ak sante mantal, e konpòtman sante mantal e oswa orijin nasyonal, eksepte lè yon enfòmasyon kredib asosye yon moun avèk yon karakteristik aksidantèl, modèl kriminèl, oswa konplo.<sup>8</sup>

*Rekòmandasyon 2.06: Amelyore fòmasyon ekite rasyal yo.* Depi 2005, BPD itilize yon pwogram fòmasyon ke yo konnen sou non: Jis & Règleman san Patipri. Fòmasyon sa konplètman pa apwoprye. Sal gen ladan yo demode, BPD bay yo sèlman ak moun kap fè staj yo, e li twò kout (sèlman de zèd tan) pou byen kominike objektif yo. BPD dwe eggamine an jeneral tout pwogram fòmasyon ekite rasyal li yo a. Yo dwe vini avèk nouvo pwogram elabore e avanse e chak moun---tout anrole yo, ofisyé sou sèman ak anplwaye sivil yo—dwe patisipe.

Daprè tout bagay, BPD dwe aplike yon kourikoulòm ekite rasyal e konsantre sou règleman ekitab e amelyore relasyon BPD avèk kominote Boston an. Konsa, pwogram yo dwe pwomote ekite rasyal ak alfabetizasyon e fè yon oryantasyon anti-rasis. BPD dwe devlope tou yon fòmasyon konplemantè ki konsantre sou entèlijans emosyonèl, komunikasyon, ekoute, konfli jesyonè, ak panse kritik.

Pou mezire efektivman fòmasyon sa yo, BPD dwe devlope mezi pou evalye pwogrè BPD nan realizasyon objektif divèsite ak enkliszyon. Gwoup Travay la rekonèt ke evalye efikasite fòmasyon ekite rasyal la se yon pwoblem ki

difisil ak pèsistan pou depatman lapolis nan tout peyi a. Mezi ki posib yo se enfòmasyon FIO, plent statistik prejije, ensidan soutni de yon statistic prejije.

<sup>8</sup> Done BPD revize pa Gwoup Travay la ki gen rapò ak FIOs, arrestasyon ak manda (ki gen ladan pa gen okenn manda frape) klèman demonstre yon enpak disproporsyone sou moun Nwa ak Latino. Gade Apendis 2.

*Rekòmandasyon 2.07: Etabli yon Gwoup Travay pou Aplike Ide Ekite Rasyal yo.* Pou nou ka entenalize yon angajman a ekite rasyal la e divèsite ak enklizyon an, BPD pa kapab sèlman adopte rekòmandasyon sa yo epi pou'l pa mete yo an pratik. Pou nou enkòpore rekòmandasyon sa yo nou bezwen gen adezyon BPD. Espesyalman gwoup travay la dwe responsab pou devlope mezi pou evalye pwogrè BPD pou yo kapab pratike rekòmandasyon yo, evalye pwogrè BPD avèk mezi sa yo e envante estrateji pou entegre rekòmandasyon yo ensanm ak individi e enstitisyon konsekan pou pwomote pwogrè.

**Rekòmandasyon 3 :** Etann itilizasyon pwogram kamera sou kò BPD a ([Règleman 405](#)) konsa lap ogmante transparans ak responsabilite lapolis, e kontinye entèdi isaj lojisyèl byometrik ak rekonesans fasyal.

---

Gwoup Travay la rekòmande pou etann pwogram kamera sou kò, men fè sa nan yon fason ki maksime aksè piblik ak responsabilite BPD ak transparans e minimize potansyèl pou diskriminasyon e/oswa pou-n depann sou imaj kamera sou kò nan travay polisye BPD a.

*Rekòmandasyon 3.01 : Etann pwogram kamera sou kò a ki enkli tout ofisyè a inifòm BPD.*

*Rekòmandasyon 3.02 Mande pou ofisyè inifòm BPD yo kenbe kamera yo sou kò yo pandan tout tan nan lè travay yo, ak eksepsyón pou vi prive.*

*Rekòmandasyon 3.03: Pèmèt moun ki anrejistre pa PBD (oswa frè ak sè yo) gen aksè san restriksyon a kamera sou kò a pou tèt pa yo (oswa yon manm nan fanmi yo)*

*Rekòmandasyon 3.04: Bay piblik la tout aksè a imaj kamera sou kò sou FOIA.*

*Rekòmandasyon 3.05: Ogmante peryòd retansyon pou kamera sou kò. BPD a ta dwe kenbe imaj kamera sou kò pou omwen sis mwa, oswa, si sijè a, ofisyè, oswa ofisyè sipèviziè siyale imaj yo BPD ta dwe kenbe imaj yo pou twa zan.*

*Rekòmandasyon 3.06: Devlope pwosedi ki klè ak konsekans pou vyolasyon polisi kamera sou kò. Menm si vyolasyon nan pwogram kamera sou kò a ap adresé kounyea ak Kòd Disiplinè BPD, BPD a ta dwe devlope yon sistèm pwogresis nivo pou disiplin ki klèman esplike konsekans pou vyolasyon polisi yo. Konsekans sa yo ta dwe afekte pwomosyon ofisyè yo ak / oswa ogmantasyon salè yo.*

*Rekòmandasyon 3.07: Kontinye entèdiksyon BPD sou zafè byometrik ak teknoloji rekonesans fasyal la nan pwogram kamera sou kò.*

---

**Rekòmandasyon 4:** Devlope isaj fòs ak règleman disiplinè fòs ki montre a klè konsekans disiplinè pou vyolasyon sa yo, rann BPD responsab devan piblik la, epi minimize risk pou vyolasyon ki kontinye repeste yo.

Pou kreye yon BPD ki pwoteje ak sèvi tout komunitate Boston an, li dwe pran angajman pou mete règleman disiplinè ki klè, règleman disiplinè ak fòs pou isaj fòs an aplikasyon avèk lòt vyolasyon<sup>6</sup> ki asosye ak yo. Sak ki pi enpòtan an, BPD dwe angaje tou nan aplike règleman sa yo tout tan e avek bòn fwa.

BPD ta dwe tou swiv ak pataje enfòmasyon sou move kondwit ofisyèl pou piblik la regilyèman. Li ta dwe rekonèt nan règleman li yo ke idantite moun nan (sa vle di, ras, etnisite, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, jèn laj avanse, si moun lan gen yon lojman, si moun lan pran dwòg, ak sante mantal, e konpòtman sante mantal e/ oswa orijin nasyonal) ka gen yon enpak ki pa egal sou ki jan moun sa a afekte pa isaj fòs.

*Rekòmandasyon 4.01: Yo ta dwe oblige BPD pou rapòte efòmasyon sou isaj fòs, ki enkli ladan dechaje zam, a leta ki apwopriye ak ajans federal nan yon delè jan yo te promèt la. Anplis, enfòmasyon sa yo ta dwe mete disponib pou piblik la sou tablo afich la<sup>7</sup> ak lòt rapò mekanis, tankou yon rapò anyèl.*

*Rekòmandasyon 4.02: Yo dwe oblige BPD pou rapòte lanmò ki gen rapò ak arrestasyon ("ARD") a pwogram rapòtaj moun ki mouri nan men leta ("DCRP"). Anplis, BPD dwe mete enfòmasyon ARD yo disponib pou piblik la nan tablo afich la ak lòt rapò mekanis yo tankou yon rapò anyèl.*

*Rekòmandasyon 4.03: Nan kowòdinasyon ak Vil la, BPD dwe travay pou rezoud tout ka aktyèl ki enplike tout itilization anpil fòs ak lanmò ilegal. Anplis, BPD dwe pibliye tout enfòmasyon ak dosye ki gen rapò ak fòs eksesif avèk ka lanmò ki pa jistifye. Enfòmasyon konsènan BPD nan itilizasyon fòs eksesif avèk ka moun ki mouri mal ak enfòmasyon ki koresponn a dosye sa yo dwe disponib pou piblik la nan tablo afich la, ak lòt rapò mekanis, tankou yon rapò anyèl.*

*Rekòmandasyon 4.04: BPD dwe kreye yon lis enfraksyon zewo-tolerans. Lis sa dwe enkli vyolasyon ki lakòz revokasyon imedyat ak vyolasyon oswa devyasyon ki lakòz enfraksyon. Li dwe tou pran an konsiderasyon gravite vyolasyon an ak prezante yon maksimòm kantite enfraksyon oswa vyolasyon ki ka komèt anvan revokasyon.an.*

---

<sup>9</sup> Kapab genyen yon koneksyon anti itilize vyolans ak abi domestik. Gade

<https://scholarworks.sjsu.edu/cgi/viewcontent.cgi?article=1066&context=themis>

<sup>10</sup> Lòd Ekzekitif Gen Rapò a Ouvri Enfòmasyon e Proteje Enfòmasyon ke yo Pataje yo (2014)

*BPD dwe devlope tou yon lis ofisyè ak pwoblèm ki baze sou enfraksyon ak IAD<sup>11</sup>. Lis ofisyè ki gen pwoblèm nan, ak done ki koresponn yo dwe disponib piblikman atravè tablo afich la, ak lòt mekanism rapò, tankou yon rapò anyèl.*

*Rekòmandasyon 4.05: BPD dwe revize, epi mete ajou itilizasyon règleman itilizatin fòs li konsa pou yo dakò avèk dènye repetisyon kontinyòm<sup>12</sup> isaj fòs la.*

*Rekòmandasyon 4.06: Vyolans domestik pa anplwaye BPD yo ta dwe klase kòm twòp isaj fòs.<sup>13</sup>*

*Rekòmandasyon 4.07: Aprè itilizasyon fòs, twòp fòs oswa touye yon sivil pandan yon ensidan, Ofisyè ki enplike nan ka sa dwe fè yon evalyasyon sikolojik ak soumet a tès dwòg /ak alkòl.*

*Rekòmandasyon 4.08: BPD ta dwe enkli lang nan polisi li yo ki dirèkteman adrese ras, etnisite, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, jèn, granmoun age, si moun lan gen yon lojman, si moun lan pran dwòg, ak sante mantal, e konpòtman sante mantal e/ oswa orijin nasyonal la. Idantite sa yo gen yon enpak dispropòsyone de si yon moun fè eksperyans ofisyè ki itilize fòs*

**Rekòmandasyon 5:** BPD dwe devlope pratik ki maksimize responsablite, transparans ak aksè piblik a BPD.

---

*Rekòmandasyon 5.01: BPD dwe piblye enfòmasyon konsènan kondwit<sup>14</sup> ofisyè ki delika. BPD gen responsablite pou'l pataje enfòmasyon konsènan kondwit ofisyè ki delika yo a kominate Boston an. Pa konsekan, BPD dwe kreye yon seri de zouti piblik ki aksesib a rapò ki dokimante kondwit sa a. Zouti sa yo ta dwe separe tout done pa ras ak etnisite, ak pa kòd postal katye yo. Omwen youn nan zouti sa yo dwe konsantre sou kondwit<sup>15</sup> ofisyè ki delika yo ak tout rapò zouti sa yo sou Responsablite ak Transparans ta dwe aksesib sou sit entènèt<sup>16</sup> la.*

<sup>11</sup> IAD: Divizyon Zafè Entèn

<sup>12</sup> Règleman ki ede a Ranfòse lalwa isaj fòs. Règleman sa yo dekri yon seri de gwo aksyon ke ofisyè kapab pran pou rezoud yon sitiayson. Jeneralman kontinite sa gen plizye nivo, e yo fòme ofisyè yo pou reponn ak sitiayson ki nan men yo a yo ak yon nivo fòs ki awoprye, men nou rekonèt ke ofisyè a ka fè yon lòt bagay nan yon segond. Gade <https://nij.ojp.gov/topics/articles/use-force-continuum>.

<sup>13</sup> Yo defini Fòs Rezonab Nou easonable kòm yon repons ki byen chita e balance a konfwontasyon ki nesesè pou metrize yon rezistans illegal e regenyen kontwòl sitiasyon an ([Rule 304](#)).

<sup>14</sup> Ensidan delika ki gen rapò a BPD dwe enkli men ki pa limite: sitwayen ak plent entèn kont ofisyè BPD yo, ensidan isaj fòs yo, dechaje zam, lanmò moun ki mouri nan men leta, FIOs, e manda pou rechèch.<sup>15</sup>

<sup>15</sup> Vil la defini yon tablo afich la kòm yon zouti pou jere enfòmasyon ki itilize vizyalizasyon done pou montre endikatè kle pèfòmans yo ("KPIs") pou evalye plizyè aspè nan pèfòmans pandan ke yap jere enfòmasyon ke yo eksplwate yo.

<sup>16</sup> Nan mwa Out 2020, Komisyonè Lapolis Gross te angaje nan koleksyon done pou amelyore, rapò amelyore ak aksè piblik ki gen rapò ak isaj fòs, plent ak lòt mezi de responsablite lapolis.

BPD ta dwe rasire yo ke tablo afich yo ak tout lòt zouti rapò yo chwazi pou yo adopte dwe aksesib a tout moun kap viv nan Boston. Espesyalman, BPD dwe angaje pou piblye sit entènèt Responsablite ak Transparans ak tout tablo enfòmasyon an osito yo ale sou entènèt la. Li dwe desine Responsablite ak Transparans sit entènèt la konsa tout moun ki rete nan Boston ka jwen aksè sou li. Li enkli fè sit entènèt la disponib nan plizyè lang ke moun ki rete nan Boston yo pale e fè sit entènèt la vizib sou tout kalite aparèy, paske anpil Bostonyen pa gen aksè avèk entènèt sou òdinatè.

*Rekòmandasyon 5.02 : BPD dwe etabli yon delè pou yo pibliye dosye BPD ki pwomote piblikasyon dosye yo tou swit vit ke posib baze sou kontèks faktè yo. Anplis, lè BPD pa rive rankontre a delè ke yo te fikse a, li dwe piblikman rekònèt ke li echwe.*

*Rekòmandasyon 5.03: Pou fasilité amelyorasyon koleksyon enfòmasyon yo, rapò ak aksè piblik, BPD dwe kreye yon Init Dosye Piblik. BPD dwe òdone Init Dosye Piblik la pou kenbe dosye delika ofisyè ki enplike nan insidan epi sipèvize piblikasyon enfòmasyon sa yo sou tablo afich la ak lòt zouti pou kenbe dosye yo.*

Rekòmandasyon 5.04: Pou amelyore transparans ak ogmante relasyon yo ak kominote yo sèvi ya, BPD dwe fè efò pou fè BPD ouvè epi aksesib ke posib. Pi evidamman, BPD a ta dwe mande pou tout ofisyè BPD mete vizib badj rektangilè a. Anplisdesa, BPD a ta dwe kreye yon fòm de plent separe ak fòm felisitasyon yo pou plent ak felisitasyon ka klase ak adrese nan yon fason ki apwopriye. Menm jan, fòm sa yo ta dwe aksesib andeyò biwo vòt yo. Konsa, Vil la ta dwe idantifye plizyè kote nan tout vil Boston, ki gen ladan, men ki pa limite a sèlman bibliyotèk, sant pou jèn ak kominotè a, sant sante ak lòt lye piblik, kote enfòmasyon konsènan kote yo dwe soumèt pwosesis yo felisitasyon ak plent yo disponib.

## Konklisyon

---

Gwoup Travay la ofri rekòmandasyon sa yo pa kòm yon lis final sou refòm rekòmandasyon Lapolis la, men kòm yon pòtfolyo rekòmandasyon ke si yo mete l an aplikasyon, li ka sèvi kòm yon fondasyon kote ke yo ka kontinye fè lòt travay adisyonèl ladan. Pou-n ka vini avèk refò siyifikatif a BPD, refòm entènn e ki obsève chak jou. Gen plis travay ki pou fèt. Anplis, nou kwè ke Vil la ak BPD ap benefisyé de yon etid ki pi konpreansif nan pwoblem sa yo. Pou tèt sa, Gwoup Travay la ap sigjere trè fò pou Vil la de OPAT finanse yon etid parèy.

Soumèt avèk Respè,

Prezidan Wayne Budd, Ansyen Konseye, Goodwin LLP & Ansyen Avoka Etazini pou Distri nan Massachusetts

Reveran Jeffrey Brown, Asosyet Pastè, Historic Twelfth Baptist Church, Roxbury  
Allison S. Cartwright, Avoka an Chaj, Biwo Defans nan Roxbury

Eddy Chrispin, Depatman Lapolis Boston, Sèjan & Prezidan de MAMLEO  
Jamarhl Crawford, Rezidan Boston

Joseph D. Feaster, Jr., Prezidan Konsèy, Urban League of Eastern Massachusetts  
Javier Flores, Dinsmore & Shohl, LLP

Darrin Howell, Prezdan, DRIVE Resous Kominote Boston Inc. & 1199SEIU  
Marie St. Fleur, Ansyen Reprezantan Leta nan Boston, Massachusetts  
Tanisha Sullivan, Prezidan, NAACP Sikisal Boston

Sipèèntandan Dennis White, Chèf Anplwaye, Depatman Lapolis Boston

## **Remèsiman**

---

Rapò sa a reflete kontribisyon yon santèn de moun e se yon rezulta pwoesis kolaborasyon nou. Gwoup Travay la rekonesan a tout moun ki te patisipe nan pwoesis sa a. Premyèman, nou vle remèsy yo pou kontribisyon jeneres pou tan ak ekspètiz yo. Gwoup travay la apresye: Branville G. Bard, Komisyonè, Depatman Lapolis Cambridge; Larry Mayes, Ansyen Manm Komite CO-OP; Natasha Tidwell, Ansyen Mann Komite CO-OP; Julien Mendele, Esq., Mann Komite CO-OP Boston; Christina Miller, Esq., Mann Komite CO-OP Boston;; Jassie Senwah, Mann Komite CO-OP Boston; Meredith Shih, Esq., Mann Komite CO-OP Boston; Honorab Regina Quinlan (Ret.), Mann Komite CO-OP Boston; Susan Lee, Despite Majistra Sekirite Biblik, Biwo Sivil Responsab Lapolis Chicago; Johnathan Darche, Komite Revizyon Plent Sivil New York City; Jerika Richardson, Komite Revizyon Plent Sivil New York City; Yojaira Alvarez, Komite Revizyon Plent Sivil New York City; Dr. Atiyah Martin, All Aces, Inc; Dr. Tracie L. Keesee, Sant Pou Ekite Polisyè; John Gibbons, Etazini Marshall Distri nan Massachusetts; Maria Cheevers, Direktè Rechèch ak Devlopman, Depatman Lapolis Boston; Jenna Savage, Depite Direktè Research ak Devlopman, Depatman Lapolis Boston; Jen Mcconochei, Direktè Stratejik Initiatif & Règleman, Depatman Lapolis Boston; Segun Idowu, Direktè Egzekitif, Black Economic Council of MA and Co-Founder, Boston Police Camera Action Team; Shekia Scott, Ko-Fondatè, Ekip Aksyon Kamera Lapolis Boston; Rahsaan Hall, Direktè, Pwogram Jistis Rasyal, ACLU of MA; Rachael Rollins, Avoka Distri Konte Suffolk; Jack McDevitt, Direktè Inivèsite Northeastern Enstiti Ras ak Jistis. Carla Sheffield, manman Burrell Ramsey; Patricia Ramsey, sè Burrell Ramsey; Gloria McMullen, manman Mark McMullen; Chris McMullen, frè Mark McMullen; Karen McMullen, sè Mark McMullen; Kety Fernandes, madanm Mark McMullen; Avery Homer, nyès Mark McMullen; Simon Fernandes, pitit gason Mark McMullen; Keith Antonio; Kim Janey, Konseye Vil Boston, Distri 7 ak Prezidan Konsèy Vil Boston; Jacob

Leidolf, entènèt / desen grafik ak konsiltan done; Adam Friedman, Prezidan Lojisyèl Civera; Howard Friedman, Biwo Avoka Howard Friedman PC; Chris Faraone, Boston Enstiti pou jounalis ki pa Peye-; Andrea Campbell, Konseye Vil Boston, Distri 4; Larry Ellison, ansyen Prezidan, MAMLEO; William "Billy" Celester, ansyen Prezidan, MAMLEO; Charles Yancey, ansyen Konseye Vil Boston, Distri 4; ak Pwofesè Roger Goldman, St Louis University School of Law.

Gwoup Travay la vle remèsyé Lon Povich, Lily Ricci ak Amber Aspinall de Anderson Kreiger LLP e RJ ("Jack") Cinquegrana, Danielle Pelot, Diana Lloyd, e Christine Savage de Choate, Hall & Stewart LLP, ki kontribye a yon rechèch inestimab Gwoup Travay.

Gwoup Travay vle remèsyé tou konsèy legal li yo, Marielle Sanchez, Esq., de Goodwin, LLP pou kontribisyon eksepsyonèl li nan travay sa.


---

## APENDIS

### Apèndis: 1 Tablo òganizasyonèl OPAT

#### **Biwo Règleman Responsab ak Transparans (OPAT)**

*Tablo Organizasyon / Rapò Estrikti*



**Apèndis 2:** Bagay sa yo se yon apèsi de rechèch ak resous ke Gwoup Travay la itilize lè yo tap devlope rekòmandasyon pou divèsite ak enklizyon yo an.

## I. DIVÈSITE AK ENKLIZYON: ANBOCHMAN, PWOMOSYON, RETANSYON

Pwogram divèsite yo konsantre sou ogmantasyon yon kantite gwoup ki pa reprezante nan yon organizasyon. BPD te deja mete aksan pou genyen yon fòs lapolis ki reflete demografik nan kominate li bay sèvis la. Sepandan malgre efò sa yo, menm jan li reflete nan tab anba a, minorite yo pa reprezante byen nan BPD, patikilyèman nan nivo siperyè nan organizasyon. Klèman absan nan strikti ak règleman BPD kounyea, se ofisyè divèsite ak enklizyon ki enplike avèk pwomosyon e retansyon (kòm opoze a anrolman) oswa nenpòt règleman divèsite ak enklizyon fòmèl pou asire siksè avèk efò a kontinye pou anrole moun ki gen koulè nan BPD, e ekite an tèm de opòtinite pwomosyonèl e avansman pou ofisyè yo.

### Règleman Demografik<sup>17</sup>

Ras/Etnisite	Popilasyon Boston	Fòs Lapolis	Kòmandan	Kapitènn	Lyetnan	Sègen	Detektif	Patwouy
Blan	43.90%	65.00%	52%	85%	97%	79%	57%	63%
Nwa	23.10%	21%	35%	7%	3%	14%	31%	22%
Panyòl Total	20.40%	11.00%	9%	4%	0%	6%	10%	12%
Azyatik	9.70%	2.00%	4%	4%	0%	1%	3%	3%

Malgre enpòtan, efò divèsite ak enklizyon an pa motive sou konsiderasyon ekite ak jistis pa yon pèspektif anplwaye. O kontré, yo esansyèl to asire divèsite kiltirèl, pèspektif, ak eksperians, kidonk amelyore pèfòmans la an jeneral. Anplis, divèsite a enpòtan pou pèsepsyón kominate a. Pou yon pwogram divèsite fè siksè, li dwe gen enpak dirèk sou kilti organizasyonèl la, ki egzije yon reprezantasyon de minorite a yon nivo sifizan ke tout ansanm ou mitan dirijan yo.

### Bezwen pou Chanjman

Chan enfòmasyon Enterogasyon ak Obsèvasyon BPD a sipote anpil bezwen ki dwe chanje yo. Kòm sa reflete anba a, règleman an demontre ke Afriken Ameriken yo e nan yon fason ki piti, Latino, yo dispwopòsyonèlman kanpe yo. Malgre ke enfòmasyon ki kache yo ka enflianse pa faktè ki pa sèlman fonde sous ras, dispwopòsyonalite konsistan sijere yon patipri enplisit e eksplisit. Nan nòt yo gen done mandate, ki sijere ke Afriken Ameriken avèk Latino yo, yo se individi ke yo bay plis manda enkli sa ke ras ak etnisite yo pa espesifye.

### FIOs<sup>18</sup>

- FIOs diminye: 55,000 in 2018; 14,000 in 2019
- An 2019, 70% de FIO's Enplike Afriken Ameriken

### Manda: 2015-2020<sup>19</sup>

<sup>17</sup> Doné Depatman Lapolis Boston bay.

<sup>18</sup><http://bpnews.com/news/2017/5/23/boston-police-department-releases-latest-field-interrogation-observation-data>

<sup>19</sup> Done yo bay ki reflete manda ekip SWAT Depatman Polis Boston te sèvi.

<u>Ras/Etnisite</u>	<u>Popilasyon Boston</u>	<u>Manda-Tout</u>	<u>Manda San Frape</u>
Blan (pa-panyòl)	43.90%	0	0
Nwa (pa-panyòl)	23.10%	34	15
Panyòl	20.40%	22.00	12
Azyatik	9.70%	1.00	1
Lòt	2.80%	2.00	0
Pa espesifye	N/A	19.00	13

#### Done Arestasyon: 2017-2019<sup>20</sup>

<u>Ras/Etnisite</u>	<u>Popilasyon Boston</u>	<u>Arestasyon</u>	<u>Nomb Arestasyon</u>
Blan	43.90%	27.60%	8239
Nwa	23.10%	47%	14043
Panyòl Blan		14.70%	4385
Panyòl Nwa		8.80%	2637
Panyòl Total	20.40%	23.50%	7022
Azyatik	9.70%	1.60%	465
Lòt	2.80%	0.40%	99

#### Kreye yon Preferans pou moun ki diplome nan Boston Biblik

. Anbochman BPD fêt prensipalman nan seleksyon aplikan ki te pran egzamen sèvis civil la. Daprè M.G.L. c. 31 § 26, yo bay preferans a veteran yo nan list kalifikasyon pozisyon sèvis civil yo e yo ajoute de (2) pwen sou nòt jeneral yo pou egzamen pwomosyonèl yo. Notanman, daprè M.G.L. c. 31 § 58, Boston akòde tou preferans ak « rezidan'l yo » a individi ke abite nan Vil la pou yon ane tou swit avan ke yo te pran egzamen sèvil civil la.

Nou rekòmande pou yo devlope yon preferans pou elèv ki gradye nan lekòl segondè yo e resevwa yon degree nan sistèm Lekòl Biblik Boston yo. Yon preferans konsa ap gen avantaj pou ogmante opòtinite pou divèsite nan PBS ak anplwaye depatman yo avèk individi ki gen yon koneksyon solid nan kominate avèk anpil eksperyans travay nan yon anviwonman ki divesifye. Notanman, estatistik anrolman ane lekò 2019-2020 BPS la prezante done demografik<sup>21</sup> sa yo:

- 42.5% Panyòl
- 33% Afriken Ameriken
- 14% Blan
- 9% Azyatik
- 1.5% Lòt

Nou rekòmande ke preferans gradye BPS la mete yo nan menn nivo ak veteran yo e ogmante opòtinite travay sivil yo. Anplis de sa, nou rekòmande ke genyen yon preferans pou lojman mendèv pou gwooup ki istorikman majinalize ki gradye nan BPS e ki randre nan ran sèvis civil yo.

---

<sup>20</sup> Done Depatman Lapolis Boston bay.

21 [https://www.bostonpublicschools.org/cms/lib/MA01906464/Centricity/Domain/187/BPS%20at%20a%20Glance%202019-20\\_FINAL.pdf](https://www.bostonpublicschools.org/cms/lib/MA01906464/Centricity/Domain/187/BPS%20at%20a%20Glance%202019-20_FINAL.pdf)

**Resous Adisyonèl:** Pou plis enfòmasyon, tanpri gade lenk sa yo:

**Ekspè Lapolis Jis e san Patipri**

Inisyativ Nasyonal pou Bati Kominote Konfyans ak Jistis

Phillip Atiba Goff, Prezidan Sant pou Ekite Polisye yo

Jennifer L. Eberhardt - Invèsite Stanford, Magazen Svans

John Jay Kolèj Jistis Kriminèl, Nasyonal Network of Safe Communities

Pwojè Dwa Sivil ak Jistis Restoratif, Invèsite Northeastern

Règleman etik se Kouraje

Nimewo yo pa pale pou tèt pa yo: Disparite Rasyal ak pèrsistans inegalite nan sistèm jistis kriminèl la

**Revokasyon & Pinisyon Ofisyè Koule yo**

Malik Morgan vs Vil Boston Polis

Defay vs Depatman Polis Boston

**Apèndis 3: Delè Repons Transparans**

**10 JOU -DOSYE PIBLIK / FOIA**

NIVO 1 Demann Dosye Piblik / FOIAs  
Respekte Lalwa Dosye Piblik MA yo.  
Nenpòt Demann Dosye Piblik ki egzije plis pase 10 Jou ap  
mande pou genyen yon ekstansyon ak notifikasyon pou ki swiv  
orè ki vin apre a.

**30 JOU**

NIVO 1 ENKÈT PLENT SIVIL  
NIVO 1 ENKÈT AFÈ ENTÈNN  
NIVO 1 KONTAK / MIZAJOU AVÈK / MOUN KI POTE  
PLENT LA

**60 JOU**

NIVO 2 ENKÈT PLENT SIVIL  
NIVO 2 ENKÈT AFÈ ENTÈNN  
NIVO 2 KONTAK / MIZAJOU AVÈK / MOUN KI POTE  
PLENT LA

**90 JOU**

NIVO 3 ENKÈT PLENT SIVIL  
NIVO 3 ENKÈT AFÈ ENTÈNN  
NIVO 3 KONTAK / MIZAJOU AVÈK / MOUN KI POTE  
KONPLENT LA

**120 JOU - DOSYE KI PI EKSTREM YO (BEZWEN  
EKSTANSYON)**

NIVO 4 ENKÈT PLENT SIVIL  
NIVO 4 ENKÈT AFÈ ENTÈNN  
NIVO 4 KONTAK / MIZAJOU AVÈK / MOUN KI POTE  
KONPLENT LA

**180 JOU – DOSYE KI PI EKSTREM YO (BEZWEN  
EKSTANSYON)**

NIVO 5 ENKÈT PLENT SIVIL  
NIVO 5 ENKÈT AFÈ ENTÈNN  
NIVO 5 KONTAK / MIZAJOU AVÈK / MOUN KI POTE  
KONPLENT LA

Disponib Sou Tablo pou Piblik oswa pote Konplent la atravè

## Apèndis 4: Aplikasyon Delè pou Rekomandasyon yo

Kle:

Kout tèm: 30 jou

Mid-tèm: 60-90 jou

Pi long tèm: 120-180 jou

Rec.	Rezime	Jirisdiksyon	Delè (Kout, Mid, oswa Pi Longer-tèm)
<b>1.01</b>	Detaye kreyasyon yon nouvo biwo OPAT ak esplike wòl li yo ak responsablite yo. Minisipal Fa: Kout tèm - Inisyé Direktè Egzekitif ki chwazi nan pwoesis pou ede nan kreyasyon biwo a Faz 2: Mid-tèm - Chwazi Direktè Egzekitif la  Pi Long tèm - OPAT konplètman etabli	Minisipal	Faz 1: Kout tèm - Inisyé Direktè Egzekitif ki chwazi nan pwoesis pou ede nan kreyasyon biwo a Faz 2: Mid-tèm - Chwazi Direktè Egzekitif la  Pi long tèm - OPAT konplètman etabli
<b>1.02 (a-b)</b>	Espesifye estrikti OPAT la, kritè Komisyonè ki yo nome a ak kapasite yo pou itilize pouvwa manda.	Minisipal	Pi long-tèm
<b>1.02(c)</b>	Detaye rekonstitisyon CO-OP la nan yon nouvo IAOP	Minisipal	Kout-tèm
<b>1.02(d)</b>	Detaye kreyasyon Konsèy Revizyon Sivil la	Minisipal	Faz 1: Kout-tèm – Lòd Egzekitif la etabli Komite Revizyon Sivil la Faz 2: Mid-tèm – Kòmanse pwoesis operasyonèl la
<b>2.01</b>	Kreye yon Règleman Divèsifye fòmèl ak Enklizyon.	Minisipal	Mid-tèm
<b>2.02</b>	Detaye kreyasyon de yon Inite divèsifye ak Enklizyon nan BPD.	Minisipal	30-60 jou
<b>2.03</b>	Amannman nan sèvis sivil ki bay priyorite avèk anbochanman lokal yo, ki gen ladan yon	Eta (Lwa)	Faz 1: Kout tèm-Lwa tanporè Faz 2: Mid-tèm

	sistèm konpak preferans BPS / METCO		
<b>2.04</b>	Bay priyорite avèk avansman BIPOC ak ofisyе sivil ki sèmente yo.	Eta (Lwa)	Faz 1: 30-60 jou – Lwa tanporè Faz 2: Mid-tèm
<b>2.05</b>	Mete a jou Reglèman San Patipri BPD a.	Minisipal	Mid-tèm
<b>2.06</b>	Amelyore fòmasyon san patipri enplisit ak nouvo pwogram ki disponib a tout ofisyе ak anplwaye yo.	Minisipal	Faz 1 : Kout-tèm–Fòmasyon de konsepsyon Faz 2: Mid-term – Fòmasyon integrasyon Akademik Faz 3: Pi Long-tèm – Aplikasyon konplè fòmasyon enplisit san patipri
<b>2.07</b>	Etabli yon Gwoup Travay nan BPD pou aplike efò sou ekite rasyal yo.	Minisipal	Kout-tèm
<b>3.01</b>	Etann règleman BWC yo pou enkli tout ofisyе BPD san inifòm yo.	Minisipal / negosyasyon potansyèl	Kout-tèm: Enkli kòm diskisyon negosyasyon kouran
<b>3.02</b>	Rekòmande pou Kamera pòte sou kò (BWC) a ouvè pandan tout tan yap travay eksepte lè yo an prive	Minisipal / negosyasyon potansyèl	Kout-tèm: Enkli kòm diskisyon negosyasyon kouran
<b>3.03</b>	Pèmèt moun ki anrejistre oswa pwoch fanmi yo aksè lib ak imaj kamera sou kò a (BWC).	Minisipal	Kout-tèm: Enkli kòm diskisyon negosyasyon kouran
<b>3.04</b>	Pèmèt a publik tout aksè a imaj yo atravè Dosye Piblik Lalwa yo.	Minisipal	Kout-tèm
<b>3.05</b>	Kenbe imaj yo pou omwen 6	Minisipal	Kout-tèm

	mwa.		
<b>3.06</b>	Devlope konsekans disiplin ke klè pou lè yo vyole règleman kamera souk ò a.	Minisipal	Deja an plas
<b>3.07</b>	Kenbe entèdiksyon BPD sou byometrik ak rekonesans fasyal la.	Minisipal / negosyasyon potansyèl	Kout-tèm: Enkli kòm diskisyon negosyasyon kouran
<b>4.01</b>	Pou yo oblige rapòte done isaj fòs yo bay leta ak Ajans Federal ki apwopriye nan yon delè ke yo te dekri.	Minisipal	Imedyat
<b>4.02</b>	Pou yo oblige rapòte lanmò ki gen rapò ak arrestasyon ak lanmò nan Pwogram moun ki mouri nan men leta.	Minisipal	Imedyat / kout tèm - BPD a pral rapòte lanmò ki gen rapò ak arrestasyon ak lanmò moun ki mouri nan men leta daprè jan yo mande. Kounye a, Biwo Avoka Distri a envestige tout lanmò, ki gen ladan, lanmò nan men leta ak lanmò ki gen rapò ak arrestasyon.
<b>4.03</b>	BPD ta dwe travay pou rezoud tout ka aktyèl yo ki enplike twòp fòs ak lanmò ilegal. Done ki gen rapò ak rezolisyon an ta dwe disponib piblikman sou tablo a, eksepte done sijè a konfidansyalite oswa restriksyon sou vi prive.	Minisipal	Mid-tèm: Revize stati aktyèl
<b>4.04</b>	BPD ta dwe kreye yon lis zewo-tolerans ofans pou revokasyon imedyat ak yon lis pwoblèm-ofisyè ki disponib piblikman atravè tablo a, eksepte done sijè a konfidansyalite oswa restriksyon sou vi prive.	Minisipal / negosyasyon potansyèl	Kout-tèm: Enkli kòm diskisyon negosyasyon kouran.
<b>4.05</b>	BPD ta dwe regade, revize, ak	Minisipal	Faz 1: Mete a jou Règleman yo.

	mete ajou règleman isaj fòs lan nan aliyman avèk Isaj Fòs Continuum.		– 30-60 jou Faz 2: Fòmasyon – 60-120 jou Faz 3: Aplikasyon konplè - Pi long tèm
<b>4.06</b>	Vyolans domestik pa BPD ta dwe klase kòm isaj twòp fòs.	Minisipal	Faz 1: Evalyasyon Legal – 30-60 jou Faz 2: Aplikasyon evalyasyon legal sa yo. – 60-90 jou
<b>4.07</b>	Aprè isaj fòs oswa ka lè yo tiye yon sivil, Ofisyè a ta dwe fè yon egzamen sikolojik epi soumèt yon tès dwòg / alkòl.	Minisipal / negosyasyon potansyèl	Kout-tèm: Enkli kòm diskisyon negosyasyon kouran.
<b>4.08</b>	BPD ta dwe gen ladan langaj nan règleman li yo ki dirèkteman adresse ras, sèks, oryantasyon seksyèl, jèn, laj avanse, ak lòt idantite ki espesifye.	Minisipal	30-60 jou
<b>5.01</b>	BPD ta dwe pibliye enfòmasyon konsènan kondwit rezistans ofisyè sou yon tablo, eksepte done sijè a konfidansyalite oswa restriksyon sou vi prive.	Minisipal	Mid-tèm
<b>5.02</b>	BPD a dwe etabli yon delè pou yo ka bay dosye BPD ki bay dwa pou piblye dosye yo pi vit posib baze sou faktè kontèks yo.	Minisipal	30-60 Jou
<b>5.03</b>	Pou facilite amelyorasyon koleksyon done yo, rapò ak aksè piblik, BPD a ta dwe kreye yon Inite Dosye Piblik.		Pi long-tèm

## **Apèndis 5 : Tèm Glosè**

**ARD:** Lanmò ki gen Rapò ak Arrestasyon  
(Arrest-Related Deaths)

**BIPOC:** Nwa, Endijèn, ak moun ki gen Koulè  
(Black, Indigenous, and People of Color)

**BPD:** Depatman Lapolis Boston  
(Boston Police Department)

**CRB:** Komite Revizyon Sivil  
(Civilian Review Board)

**Co-Op or “the Panel”:** Komite Siveyans Mediatè Sivil  
(Civilian Ombudsman Oversight Panel)

**DCRP:** Pwogram Rapòtaj Moun ki Mouri nan men Leta  
(Deaths in Custody Reporting Program)

**D&I Unit:** Inite, Divèsite e Enklizyon  
(Diversity & Inclusion Unit)

**FIO:** Tèren, Ankèt, ak Obsèvasyon  
(Field, Investigation, and Observation)

**FOIA:** Lwa sou Libète Enfòmasyon  
(Freedom of Information Act)

**IAD:** Depatman Zafè Entèn  
(Internal Affairs Department)

**IACP:** Asosyasyon Entènasyonal Chèf Lapolis yo  
(International Association of Chiefs of Police)

**IAOP:** Zafè Entèn Komite Sipèvizon  
(Internal Affairs Oversight Panel)

**KPI:** Endikatè Pèfòmans Kle  
(Key Performance Indicators)

**MBKA:** Alyans Gadyen Frè mwen an  
(My Brother's Keeper Alliance)

**OPAT:** Biwo Lapolis Endepandan Responsab e Transparan  
(Office of Police Accountability and Transparency)

**Task Force:** An 11-member group composed of community leaders, advocates, members of the legal profession, and members of law enforcement.

Yon gwoup 11-manm ki konpoze de dirijan kominotè, defansè, manm pwofesyon legal, ak manm ki ranfòse lalwa (Task Force).